



Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN KAD SELEBRASYON MWA ERITAJ ISPANIK LAN, GOUVÈNÈ HOCHUL
LANSE INISYATIV "RESPUESTA RÁPIDA" POU PWOMOUVWA SÈTIFIKASYON
MWBE POU BIZNIS KE ISPANIK YO POSEDE NAN ETA NEW YORK**

***Rezo Sant Asistans Antreprenarya nan tout Eta a, Sant Devlopman Ti Biznis yo,
ak Empire APEX Accelerators pral Ede biznis ke Ispanik yo posede reyalize
sètifikasyon MWBE***

Plis sipò ak pwosesis sètifikasyon ki disponib soti 16 septanm jiska 31 oktòb

Patisipan yo ka resevwa detèminasyon sètifikasyon an nan sèlman 90 jou

***Bati sou angajman kontinyèl Gouvènè a pou ekipe Biznis ki Posede pa Minorite
yo ak Fanm yo***

Gouvènè Kathy Hochul te lanse jodi a "Respuesta Rápida" (Repons Rapid), yon inisyativ nan tout eta a ki te dirije pa Empire State Development pou ranfòse sètifikasyon MWBE pami biznis ki posede pa Ispanik yo. Dewoule soti 16 septanm rive 31 oktòb 2024, inisyativ la konekte antreprenè Ispanik ak Sant Asistans Antreprenaryal yo (Entrepreneurial Assistance Centers, EACs), Sant Devlopman Ti Biznis (Small Business Development Centers, SBDCs), ak Empire APEX Accelerator. Patnè sa yo ofri asistans teknik gratis sou aplikasyon pou sètifikasyon MWBE, sa ki rasyonnalize pwosesis la pou detèminasyon ki potansyèlman pi rapid. Aplikan yo ka jwenn EAC ki pi pre yo [isit la](#), SBDC [isit la](#), ak Empire APEX [isit la](#). Pandan ke yo te lanse pandan Mwa Eritaj Ispanik la, inisyativ sètifikasyon sa a disponib pou tout MWBE yo, pou selebre divèsite nan biznis atravè Eta New York. Yo pral lanse lòt inisyativ sipò pou selebre divèsite alavni.

"Pandan Mwa Eritaj Ispanik la, nou fyè pou nou lanse 'Respuesta Rápida', yon inisyativ ki fèt pou kraze baryè yo epi kreye opòtinite pou biznis ki posede pa ak minorite ak fanm Ispanik yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan senplifye pwosesis sètifikasyon MWBE a, n ap asire antreprenè ki soti nan tout orijin yo gen zouti yo bezwen pou yo pwospere epi kontribye nan kwasans ekonomi New York la."

Julissa Gutierrez, Ofisye Divèsite An Chèf, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, New York ap tabli yon nouvo estanda pou kwasans ekonomik enklizif. Inisyativ

'Respuesta Rápida' demontre angajman nou pou nonsèlman selebre divèsite, men ekipe li aktivman. Lè yo rekonèt ke Latino yo kreye biznis nan plis pase de fwa to nasyonal la, efò sa a rasyonnalize pwosesis sètifikasyon MWBE enpòtan an, ki ouvri pòt pou antreprenè Ispanik yo ak tout biznis ki posede pa minorite ak fanm yo. Atravè inisyativ sa a, epi lè nou kolabore ak patnè kominotè nou fè konfyans yo, n ap retire baryè yo epi kreye chemen pou reyisit, mennen inovasyon ak pwospèrite atravè eta nou an."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Respuesta Rápida jwe yon wòl enpòtan nan avanse objektif nou pou konstwi yon ekonomi ki pi enklizif. Lè nou fè patenarya ak EACs, SBDCs, ak Empire APEX, nou ap bay MWBE yo sipò gratis, pratik yo bezwen pou navige pwosesis sètifikasyon an avèk efikasite. Inisyativ sa a non sèlman rasyonnalize sètifikasyon, men tou li ranfòse angajman nou pou ankouraje yon anviwonman biznis kote biznis Ispanik ak biznis ke minorite ak fanm yo posede ka pwospere epi fè kontribisyon sinifikatif nan vitalite ekonomik New York la."

Inisyativ sa a gen pou objektif akselere detèminasyon sètifikasyon yo, avèk patisipan ki elijib yo ki kapab resevwa desizyon nan jis 90 jou. Sètifikasyon MWBE non sèlman ouvri pòt pou opòtinite kontra eta yo, men tou ka pèmèt aksè ki pi rapid ak opòtinite sa yo, sa k ap ede biznis yo grandi ak pwospere. Tout biznis yo dwe satisfè nòm ki endike nan Lwa Egzekitif Atik 15-A ak Tit 5 pou yo kalifye pou sètifikasyon MWBE. Aprann plis sou pwogram MWBE Eta New York la: [isit la](#).

Sipò Gouvènè Hochul pou MWBE New York

Inisyativ sa a ranfòse angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou bay ti biznis New York yo otonomi epi ranfòse ekonomi lokal yo. Pandan Mwa Ti Biznis an Me, Gouvènè a te anonse ke New York te non sèlman atenn men li te depase objektif li pou redwi tan repons aplikasyon sètifikasyon MWBE nan 90-120 jou. Depi 1 out 2023, Empire State Development te sètifye ak resètifye avèk siksè plis pase 2,960 biznis. Pwogrè sa a chita sou sipò solid Gouvènè Hochul bay pou MWBE yo, ki gen ladann reyalizasyon enpòtan pou elimine reta nan sètifikasyon MWBE New York yo, ki te posib grasa yon investisman 11 milyon dola nan bidjè ane fiskal 2023 a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)